Sesorah yaiku mahiayaaken pengandikan wonten ing sakngajenging tiyang kathah, kanthi salah saunggaling ancas.

Sesorah menika kedah nggatosaken 4 W, inggih menika wicara, wirama, wiraga, kaliyan wirasa.

- Wicara : anggenipun maos vokal lan fonem kedah leres.
- Wirama : intonasi, utawi munggah mudhuning swara wekdal sesorah.
- Wiraga : obahing saperangan raga, umpaminipun asta. Saklajengipun *mimik* ingkang nyengkuyung temanipun sesorah.
- Wirasa : isi wonten ing sesorah kedah jumbuh kaliyan temanipun.

Undha-usuking basa

Yaiku tingkataning basa adhedhasar panganggone

1. Ragam ngoko
2. Ragam krama (krama lugu lan krama inggil)

Tembung ngoko digunakake menawa:

- a. Sing guneman bocah-bocah, kanca lan kanca sing wis supeket srawunge, wong kang padha umur lang pangkate tur supeket pasrawungane
- b. Sing guneman luwih tuwa katimbang sing diajak guneman
- c. Sing guneman luwih dhuwur pangkate katimbang sing diajak guneman
- d. Carita kang adhapur andharan (paparan)

Tembung krama lugu digunakake menawa:

- a. Sing guneman durung tau tepung marang wong sing diajak guneman
- b. Sing guneman padha dene kanca ananging during supeket

- c. Sing guneman luwih tuwa katimbang sing diajak guneman, nanging sing diajak guneman luwuh dhuwur pangkate utawa wajib kinajenan
- d. Sing guneman luwih dhuwur pangkate katimbang wong sing diajak guneman, nanging sing diajak guneman luwih tuwa utawa wajib kinajenan
- e. Sing guneman kalebu piyayi luhur lan sing diajak guneman kalebu wong lumrah kang luwih tuwa lan dhuwe pangkat utawa wajib kinajenan

Tembung krama inggil digunakake menawa:

- a. Sing guneman durung tepung marang sing diajak guneman kang katone luwuh tuwa utawa wong pangkat
- b. Sing guneman luwih enom katimbang sing diajak guneman lan wong sing diajak guneman iku wajib kinormatan
- c. Sing guneman luwih cendhek drajat pangkate katimbang wong sing diajak guneman utawa wong sing diajak guneman iku wajib kinormatan

Latihan

I. PENILAIAN DAN TINDAK LANJUT

- a. Tehnik : *Perfomance*
- b. Bentuk : *Mempraktikkan sesorah*
- c. Instrument : *Kadamela teks sesorah, kanthi tema ingkang sampun dipunteentoaken, lajeng dipraktikaken ing ngajeng kelas!*
- d. Kunci Jawaban : -

Contoh:

Pranata adicara perpisahan kelas XII

Assalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon ingkang tansah kikumatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi para siswa ingkang kula tresnani.

Mangga kula lan panjenengan sesarengan munjukakaen atur wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan rahmat saha hidayah, dene kula lan panjenengan sedaya saged kempal wonten ing mriki saperlu ngawontenaken perpisahan kelas XII SMA N 1 Sewon Bantul. Saklajengipun kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng panjenengan sedaya ingkang kersa rawuh ing adicara punika.

Kula minangka pranata adicara badhe maosaken rantamaning adicara ingkang badhe kalaksanaaken ing siang punika.

1. *Pambuka*
2. *Sambutan kepala sekolah*
3. *Sambutan saking guru*
4. *Sambutan saking siswa*
5. *Pentas seni*
6. *Panutup*

Wasana cekap semanten atur kula, mbok bilih wonten klenta-klentuning atur kula ingkang kirang mranan ing penggalih, kula tansah nyuwun agunging pangaksami.

Wassalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh

LAMPIRAN 21**DOKUMENTASI**

(Hasil Dokumentasi Foto Saat Pembelajaran *Sesorah* di kelas XI IPA I SMA N 1

Sewon Bantul dengan Menggunakan Media Pembelajaran audio-visual VCD

sesorah siklus I hingga siklus III)

1. Saat siswa praktik *sesorah* di depan kelas



2. Siswa sedang berdiskusi dengan teman sekelompok



3. Guru memotivasi siswa praktik *sesorah* lebih baik dengan hasil yang maksimal



4. Guru mengulas kembali materi *sesorah* di depan kelas



5. Siswa latihan *sesorah* dengan kelompok



6. Siswa praktik *sesorah* di depan kelas, dan beberapa siswa tidak memperhatikan.





7. Gambar media pembelajaran audio-visual VCD *sesorah*



LAMPIRAN 22

Hasil Transkrip Contoh-contoh Sesorah Siswa dari Pratindakan Hingga Siklus III

S 7:

Ketua Penyelenggara, Pengetan dinten Maulid Nabi

Assalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinurmatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi para siswa ingkang kula kula tresnani.

Sakderengipun mangga kula lan panjenengan sedaya ngaturaken pudyu puji pdyastuti wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT, dene kula lan panjenengan sedaya taksih pinaringan rakhmat hidayahipun, saha kula lan panjenengan sedaya taksih pinaringan kasugengan, karaharjan, saged kempal wonten ing aula SMA N 1 Sewon Bantul, kanthi wilujeng boten wonten kekurangan satunggal punapa.

Ing dinten menika tanggal 12 Rabiul awal, kula lan panjenengan sedaya saged kempal wonten ing mriki ingkang saperlu mengeti dinten Maulid Nabi junjungan kita inggih punika Kanjeng Nabi Muhammad SAW.

Kula minangka ketua panitia penyelenggara pengetan dinten Maulid Nabi SAW ing aula SMA N 1 Sewon Bantul mriki, ngaturaken agunging panuwun dhumateng para rawuh ingkang sampun kersa nglonggaraken wekdal kersa rawuh ing pengetan miyosipun Kanjeng Nabi Muhammad SAW. Minangka pratandha sampun mantep lan raos sadar dhumateng agami Islam minangka pitedah kabagyaanipun agesang wonten ing alam donya dumugi akhirat. Wondene inti saking pengetan punika badhe dipun wedharaken kaliyan Bapak H.Solikhun saking Wonokromo Pleret.

Kula kinten atur pambuka pengetan dinten Maulid Nabi ing siang punika kula cekapi semanten kemawon. Saklajengipun mangga sesarengan paring tetenger bilih pengetan punika kita wiwiti kanthi maos "Bismillahirrahmanirrahim".

Cekap semanten atur kula, ahkirul kalam billahitaufik walhidayah.

Wassalamu 'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

S 3 :

Pranata Adicara, Pengetan Dinten Maulid Nabi

Assalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinurmatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi para siswa ingkang kula kula tresnani.

Mangga kula lan panjenengan sedaya sesarengan munjukakaen atur wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan rahmat saha hidayah, dene kula lan panjenengan sedaya saged kempal wonten ing mriki saperlu ngawontenaken pengaosan pengetan dinten Maulid Nabi ing aula SMA N 1 Sewon Bantul, kanthi wilujeng boten wonten kekirangan satunggal punapa. Saklajengipun kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng panjenengan sedaya ingkang sampun kersa rawuh ing adicara punika.

Kula minangka pranata adicara badhe maosaken rantamaning adicara ingkang badhe kalaksanaaken ing siang punika.

1. *Pambuka*
2. *Sambutan kepala sekolah*
3. *Sambutan saking ketua Penyelenggara*

4. Sambutan saking siswa
5. pengaosan
6. Panutup

Wasana cekap semanten atur kula, mbok bilih wonten klenta-klentuning atur kula ingkang kirang mranani, kula tansah nyuwun agunging pangaksami.

Akhirulkalam billahi taufik walhidayah,

Wassalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh

S 1 :

Kepala Sekolah, Pengetan Dinten Maulid Nabi

Assalamu 'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh

Bapak H. Harjono ingkang tansah kinormatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi para siswa ingkang kula kula tresnani.

Mangga kula lan panjenengan sedaya sesarengan munjukakaen atur wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan rahmat saha hidayah, dene kula lan panjenengan sedaya saged kempal wonten ing mriki saperlu ngawontenaken adicara pengetan dinten Maulid Nabi. Saklajengipun kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng panjenengan sedaya ingkang kersa rawuh ing adicara punika.

Kula minangka kepala sekolah SMA N 1 Sewon, badhe ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapak Ibu Guru, panitia penyelenggara, ugi para siswa ingkang sampun anyengkuyung adicara menika. Adicara menika manpangati saged dhateng kula lan panjenengan sedaya, amargi samangke badhe wonten pengaosan, saking Bapak. H. Harjono.

Cekap semanten ingkang kula aturaken, nyuwun pangapunten menawi kathah klenta-klentuning atur,

Wassalamu' alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh.

S 19 :

Kepala Sekolah, Pengetan Dinten Kartini

Assalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak, Ibu Guru, karyawan-karyawati SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinormatan, ugi para siswa kelas X dumugi kelas XII ingkang kula tresnani.

Mangga kula lan panjenengan sedaya sesarengan munjukakaen atur wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan rahmat saha hidayah, dene kula lan panjenengan sedaya saged kempal wonten ing mriki saperlu ngawontenaken pahargyan pengetan dinten Kartini.

Kula minangka Kepala Sekolah SMA N 1 Sewon Bantul ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami dhumateng panitia penyelenggara, Bapak Ibu guru, ugi para siswa ingkang sampun nyengkuyung adicara menika.

Para rawuh ingkang satuhu bagya mulya. Ing wekdal punika kaleres tanggal 21 April kita sesarengan mengeti dinten Kartini. Inggih menika pahlawan wanita ingkang sampun merjuangaken hak-hak wanita.

Mbok menawi saumpami Raden Ajeng Kartini taksih gesang badhe suwun ningali kawontenan kaum wanita ing nagarinipun. Ing sawaunipun supados setarap kaliyan priya ngenani hak-hakipun, malah sakpunika kathak ingkang dipun ginakaken tumuju dhumateng kawontnan ingkang boten ngremenaken.. kadosta para wanita ingkang kathah sami ses rokok, para wanita kathah ingkang mawi clana. Punika boten ateges emansipasi! Raden Ajeng Kartini boten gadhah emansipasi ingkang kados mekaten!

Emansipasi ingkang dipun perjuangaken Raden Ajeng Kartini inggih menika hak ingkang sami antawisipun priya kaliyan wanita. Menawi priya dipun parengaken sekolah wonten pawiyatan luhur, para wanita inggih dipun parengaken ngudi ilmu wonten ing pawiyatan luhur. Boten namung wanita dipun parengaken wonten ing wingking supados masak kemawon.

Sakderengipun wonten emansipasi saking Raden Ajeng Kartini, wanita nyambut damelipun namung wonten ing pawon. Boten wonten wanita ingkang nyambut damel wonten ing kantor-kantor kados sapunika. Awit sampun wonten paribasan, menawi kados pundi inggilipun sekolah, wanita tembenipun bakal nyambut damel wonten ing pawon. Mbok bilih sapunika para wanita sampun sami nyambut damel kangge majengajen bangsa, nagari, tuwin agami, ananging boten kentun wanita tansah kaum wanita ingkang sampun nggula wentah amrih raharjaning keluarga ugi tumut majengaken generasi muda supados mbina rumah tangganipun saksae-saenipun.

Kula kinten atur pambuka pengetan dinten Kartini saking kula cekap samanten kemawon. Mangga kita sesarengan paring tetenger bilih pengetan punika kula lan panjenengan wiwiti kanthi maos basmalah, bismillahi rakmanirrahim.

Akhirul kalam billahi taufik wal hidayah

Wassalamu 'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

S 26 :

Panitia, Pengetan Dinten Kartini

Assalamu 'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon, Bapak, Ibu Guru, karyawan-karyawati SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinormatan, ugi para siswa kelas X dumugi kelas XII ingkang kula tresnani. Sakderengipun mangga kita sesarengan

muji syukur ing ngarsanapin Gusti Allah SWT, awit sih nugraha ingkang kaparingaken dhateng kula lan panjenengan sedaya, katitik ing siang punika, kita sedaya saged sesarengan kempal ing papan panggenan menika kanthi raharja boten kirang satunggal punapa.

Saklajengipun, kula atas nama ketua penyelenggara ngaturaken agunging panuwun dhateng panjenengan sedaya, para rawuh ingkang sampun nglonggaraken wekdal, kersa rawuh ing adicara menika.

Para rawuh ingkang minulya

Kados sampun kula lan panjenengan sedaya mangertosi, bilih Raden Ajeng Kartini miyos ing tanggal 21 april 1879 ing Jepara. Pramila ing tanggal 21 april punika kita pengeti minangka dinten lahiripun Raden Ajeng Kartini. Kangge mengeti perjuanganipun Raden Ajeng Kartini ingkang sampun ngangkat drajatipun wanita Indonesia ngantos saged sami kaliyan drajatipun priya.

Rikala gesangipun Raden Ajeng Kartini, para wanita bangsa Indonesia tansah wonten ing pingitan. Para wanita boten dipun keparengaken sekolah. Ugi boten dipun keparengaken gadhah pedamelan ingkang sami kaliyan pedamelanipun priya. Ananging sakpunia, para wanita sampun sami drajadipun kaliyan drajadipun para priya.

Babagan menika pranyata saestu saged dipun tingali. Sapunika sampun kathah para wanita ingkang hanglenggahi jabatan penting dados ketua-ketua utawi pemimpin-pemimpin, ngantos dados menteri utawi presiden, kados panjenenganipun Ibu Megawati Soekarno Putri ingkang jumeneng dados Presiden Republik Indonesia ingkang kaping gangsal.

Para rawuh ingkang minulya,

Ing salebetipun mengeti dinten wiyosipun Raden Ajeng Kartini, ingkang kedah kita pengeti inggih menika semangatipun ingkang babagan emansipasi wanita. Boten namung mengeti anggenipun ngagem samping utawi anggenipun

Kartini mawi sanggulan ageng kemawon. Ananging kados pundi Raden Ajeng Kartini majengaken para wanita ing nagari Indonesia.

Kula kinten kirang wicaksana menawi atur kula punika kula pnjang lebaraken. Pramila kula cekapi semanten kemawon. Boten kesupen kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng para rawuh ingkang sampun anyengkuyung wontenipun pengetan punika kanthi bantuan ingkang arupi punapa kemawon. Mugi sedaya wau angsal piwales ingkang arupi samurwat saking ngarsanipun Gusti Allah SWT.

Akhirul kalam, billahi taufik wal hidayah,

Wassalamu 'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

S 12 :

Siswa, Pengetan Dinten Kartini

Assalamu 'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon, Bapak, Ibu Guru, karyawan-karyawati SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinormatan, ugi kanca-kanca kelas X dumugi kelas XII ingkang kula tresnani.

Langkung rumiyin, mangga kula lan panjenengan sedaya tansah ngaturaken raos syukur dhumateng ngarsa dalem Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat, kasarasan, lan kawilujengan dhumateng kula lan panjenengan sedaya, saengga kula lan panjenengan sedaya saged sesarengan lenggah wonten ing adicara pahargyan pengetan dinten Kartini, kanthi wilujeng boten wonten kekirangan satunggal punapa.

Kula minangka talanging atur saking siswa kelas X dumugi kelas XII, namung saged ngaturaken agunging panuwun dhumateng panitia, ugi Bapak Ibu guru ingkang sampun kersa ngawontenaken adicara menika.

Pahargyan pengetan dinten Kartini menika, saged nglangkungen semangat juangipun para wanita kangge majengaken nagari Indonesia ing sedaya bidang. Umpaminipun lumantar maneka warna lomba ingkang dipun wontenaken kangge mengeti dinten Kartini menika, muging saged ndadosaken pepeling ugi nuladhani semangat juangipun Raden Ajeng Kartini.

Kula kinten cekap semanten ingkang saged kula aturaken, nyuwun pangapunten menawi kathah klenta-klentuning atur ugi solah bawa ingkang boten mranani ing penggalih, kula namung saged nyuwun pangapunten. Matur nuwun awit kawigatosanipun.

Wassalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

S 24 :

Kepala sekolah, Pengetan Kamardikan

Assalamu'alaikum warahmatullahi wa barakatuh

Bapak Ibu guru SMA N 1 Sewon, karyawan-karyawati ingkang minulya, ugi para siswa ingkang kula tresnani. Keparenga ing mriki kula badhe matur wonten ngarsanipun panjenengan, minangka kepala sekolah SMA N 1 Sewon Bantul

Inkang sepisan, kula mocapaken puja puji pujiastuti wonten ing ngrsanipun Gusti Allah SWT ingkang Murbeng Agesang, dene Gusti Allah SWT taksih tuwin, sampun kersa paring kanugrahan dhumateng kita sedaya Bangsa Indonesia, katandha ing siang punika kita saged kempal wonten ing panggenan punika, saperlu lenggah mengeti dinten Kamardikan.

Inkang kaping kalhipun, kula ngaturaken panuwun ingkang tanpa pepindhan, awit sedaya panitia, Bapak Ibu guru ugi para siswa ingkang sampun ayengkuyung pahargyan punika.

Kados sampun kawuningan dening para rawuh sedaya, bilih rikala tanggal 17 Agustus 1945, kita Bangsa Indonesia sampun kasil uwal saking blenggunipun penjajah, sarta kanthi pangurbanan rah tuwin waspo ingkang boten sekedhik, para pemimpin kita sampun kasil maosaken Teks Proklamasi Republik Indonesia dhateng saindenging bawana, saengga sedaya bangsa ing manca nagari sami mangertosi, bilih sampun lahir satunggaling nagari enggal ingkang nama Reuplik Indonesia. Awit ing siang punika kita sedaya badhe sesarengan lelenggahan.

Saperlu mengeti dinten Kamardikan kita sesarengan nyenyuwun dhumateng Gusti ingkang akarya jagad, mugi-mugi pengetan tanggap warsa dinten Kamardikan punika saged kalaksanan kanthi wilujeng saha sapanginggilipun. Nagari kita Republik Indonesia, pinaringan rahayu widada nir ing sambekala, tebih saking parang muka, pinaringan tata tentrem kerta raharja, saha nayaka pangembate praja pinaringan kekiyatan sarta kawicaksanan ingkang linangkung, saengga saged manuntun bangsa kita dhumateng dintak kautamen, saiyeg saeka kapti, mbangun nagari tumuju dhumateng ancasing revolusi, inggih punika wujuding bebrayan ageng adhil tuwin makmur kangge sedaya rakyat bangsa kita.

Saklajengipun, awit wekdal sampun ndungkap siang, pramila kanthi mocap bismillahi rahmanirahiim, pahargyan pengetan dinten Kamardikan Republik Indonesia punika kula bikak.

Saklajengipun mbok bilih wonten sawetawis kekirangan ingkang saged ndadosaken kirang remening penggalih, mugi kersaa paring panganpunten. Ugi mbok bilih atur kula punika taksih kathah kekirangan, kula namung saged nyuwun agunging pangaksami.

Ing wasana mugi keparengna handumugekaken lelenggahan kanthi mardikaning penggalih, sarta panutuping atur, billahi taufik walhidayah,

Wassalamu 'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Matur nuwun.

S13 :

Panita, Pengetan Dinten Kamardikan

Assalamu 'alaikum warahmatullahi wa barakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinurmatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi para siswa ingkang kula tresnani.

Ing mriki kula minangka ketua panitia pengetan pahargyan tanggap warsa dinten Kamardikan Republik Indonesia, tanggal 17 Agustus 1945, keparenga badhe matur ing ngarsanipun panjenengan sedaya.

Ingang sepisan, sumangga kita sedaya monjukaken puji syukur ing ngrsanipun Gusti Allah ingkang Maha Agung, awit kita bangsa Indonesia sampun kaluberan ing berkah saha sih nugrahanipun, katitik kita sedaya saged anganjangi pahargyan pengetan dinten Kamardikan.

Saklajengipun kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng panjenengan sedaya, awit panjenengan sedaya sampun paring pisumbang awujud punapa kemawon, ingkang sedaya punika saged damel regeng saha rancagipun pahargyan pengetan dinten Kamardikan nagari kita Republik Indonesia ing siang punika.

Ugi boten kesupen, dhumateng para siswa, ugi Bapak Ibu guru SMA N 1 Sewon, ingkang sampun kanthi rila legawaning manah, saiweg saeka kapti, makarya sesarengan saengga saged ngasilaken swasana kados ing siang punika.

Bapak, Ibu guru ingkang kula hormati

Kados sampun kawuningan, bilih rikala tanggal 17 Agustus 1945, para pangarsaning Bangsa Indonesia sampun hasil maosaken teks Proklamasi Kamardikan Bangsa Indonesia, ingkang saderengipun sinartan pangorbanan wutahing rah saha musnaning bandha ingkang boten saged dipun wilang. Pramila saking punika, boten nami mokal bilih saben tanggal 17 Agustus, kita sesarengan mahargya dinten ingkang ageng punika, minangka raos puja-puji syukur ing ngarsanipun Gusti ingkang Akarya Jagad, kanthi adicara-adicara ingkang sesambetan kaliyan asiling kamardikan 17 Agustus 1945.

Sedaya pagelaran ingkang badhe kaaturaken punika mangke nedhahaken asiling pangorbanan saking para kusumaning bangsa ingkang sampun kanthi ikhlas rila legawaning manah ngorbanaken jiwa raganipun kangge kamardikan bangsa.

Awit saking punika, ing pahargyan pengetan dinten Kamardikan Republik Indonesia punika kita boten namung anggung suka pari suka kemawon, ananging kedah sesarengan makarya hanyengkuyung sedaya program pemerintahan, murih kuncaraning bangsa sarta kadumugeaken gegayuhan kita, inggih punika nuwuhaken swasana adil yuwin makmur tumraping sedaya rakyat bangsa Indonesia.

Namung mbok bilih lampahing adicara punika mangke taksih kathah kekiranganipun, panitya nyuwun pangapunten ingkang ageng. Mandhapipun kula pribadi, mbok bilih anggenipun kula ngaturaken atur punika taksih katah cewet saha ciciring basa, mugi keparenga para rawuh paring lumunturing samodra pangaksami

Wassalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Matur Nuwun

S 21 :

Siswa, Pengetan Dinten Kamardikan

Assalamu'alaikum warahmatullahi wa barakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinormatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi kanca-kanca ingkang kula tresnani. Matur nuwun sanget dhumateng juru pranata wicara ingkang sampun maringi wekdal dhumateng kula supados ngaturaken tanggap wacana, minangka wakiling siswa SMA N 1 Sewon Bantul.

Mangga kula lan panjenengan sedaya ngaturaken puja-puji syukur dhumateng Gusti ingkang Maha Agung, saha ngaturaken panuwun ingkang kathah dhumateng Bapak, Ibu Guru ingkang sampun kersa nyengkuyung pahargyan pengetan dinten Kamardikan punika.

Kula minangka wakil saking siswa SMA N 1 Sewon Bantul, ngaturaken matur nuwun dhumateng pihak panitia ingkang sampun kersa damel adicara punika, saengga kita tansah emut kaliyan perjuanganipun pahlawan-pahlawan nagari Indonesia ingkang sampun merjuangaken kamardikan bangsa Indonesia. Kanthi maneka warni lomba ingkang dipun wontenaken minangka tandha mengeti dinten Kamardikan 17 Agustus, mugi-mugi boten namung bebungah kemawon ingkang dipun kajengaken, ananging kita sedaya kedah nuladhani semangad juangipun pahlawan, kanthi sregep anggenipun sinau, supados nagari Indonesia langkung majeng ing sedaya bidang.

Kathah para muda ingkang sampun kesupen anggenipun nerasaken semangd juangipun pahlawan. Inggang dipun pentingaken namung anggenipun dolan, utawi kagiyatan-kagiyatan ingkang boten manpangati. Pramila kanthi pahargyan pengetan dinten Kamardikan menika, saged nambah gregetipun para siswa kangge sinau lan nglajengaken perjuanganipun bangsa Indonesia.

Wasana cekap smanten atur kula, mbok bilih wonten klenta-klentuning atur kula ingkang kirang mranani, kula tansah nyuwun agunging pangaksami.

Wassalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

S 27 :

Siswa, Perpindahan kelas XII

Assalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon, Bapak, Ibu Guru, karyawan-karyawati SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinurmatan, ugi kanca-kanca kelas XII ingkang kula tresnani.

Langkung rumiyin, mangga kula lan panjenengan sedaya tansah ngaturaken raos syukur dhumateng ngras dalem Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat, kasarsan, lan kawilujengan dhumateng kula lan panjenengan sedaya, saengga kula lan panjenengan sedaya saged sesarengan lenggah wonten ing adicara perpindahan kelas XII, kanthi wilujeng boten wonten kekirangan satunggal punapa.

Kula wonten mriki minangka talanging atur saking siswa kelas XII, ingkang sepisan badhe ngaturaken agungin panuwun dhumateng Bapak, Ibu guru ingkang sampun kersa paring ngilmu dhateng kula lan kanca-kanca kelas XII. Kanthi sabar paring ngilmu, ngilmu menika manpangati sanget tumrap pagesangan ing masyarakat.

Inkang kaping kalih, kula nyuwun doa pangestu supados, kula lan kanca-kanca kelas XII saged nglanjengaken ing pawiyatan ingkang langkung inggil. Saklajengipun supados sedaya kekajengan cita-cita kula saged kasembadan. Kaping tiga kula nyuwun panganpunten menawi kula sinau ing SMA N 1 Sewon Bantul kathak klenta-klentu, tindak tanduk ingkang nerak saking paugeran.

Cekap semanten ingkang saged kula aturaken minangka wakil saking kelas XII, kula nyuwun pangapunten menawi kathah klenta-klentuning atur ugi solah bawa ingkang boten mranani ing penggalih. Matur nuwun awit kawigatosanipun .

Wassalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

S 22 :

Guru, Perpisahan Kelas XII

Assalamu'alaikum warahmatullahi wa barakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinormatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi para siswa ingkang kula tresnani.

Matur nuwun sanget dhumateng juru pranata wicara ingkang sampun maringi wekdal dhumateng kula supados ngaturaken tanggap wacana, minangka wakiling guru SMA N 1 Sewon Bantul. Sakderengipun mangga kula lan panjenengan sedaya tansah ngaturaken puja-puji syukur dhumateng Gusti ingkang Maha Agung. Saengga kula lan panjenengan sedaya saged kempal wonten ing adicara perpisahan kelas XII SMA N 1 Sewon Bantul.

Inkang sepisan kula ngaturaken selamat lan sukses kagem para siswa ingkang sampun pukantuk nilai ingkang sae. Inkang kaping kalih, mugi para siswa sedaya saged migunani tumrap bangsa tuwin nagari. Inkang kaping tiga kula inggih nyuwun pangapunten menawi anggenipun ngasta wonten tindak tanduk ingkang kirang mranani ing penggalih.

Saklajengipun boten kesupen, para siswa kedah sinau ingkang langkung sregep lan tlaten. Ampun kesupen doa kaliyan usaha, supados kekajengan lan cita-cita para siswa saged kasembadan.

Wasana cekap semanten atur kula, mbok bilih wonten klenta-klentuning atur kula ingkang kirang mranani, kula tansah nyuwun agunging pangaksami.

Wassalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

S 18 :

Pranata adicara, Perpindahan kelas XII

Assalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala sekolah SMA N 1 Sewon ingkang tansah kinurmatan, Bapak, Ibu guru, karyawan-karyawati, ugi para siswa ingkang kula kula tresnani.

Mangga kita sesarengan munjukakaen atur wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan rahmat saha hidayah, dene kula lan panjenengan sedaya saged kempal wonten ing mriki saperlu ngawontenaken perpindahan kelas XII SMA N 1 Sewon Bantul. Saklajengipun kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng panjenengan sedaya ingkang kersa rawuh ing adicara punika.

Kula minangka pranata adicara badhe maosaken rantamaning adicara ingkang badhe kalaksanaaken ing siang punika.

1. *Pambuka*
2. *Sambutan kepala sekolah*
3. *Sambutan saking guru*
4. *Sambutan saking siswa*
5. *Pentas seni*
6. *Panutup*

Wasana cekap semanten atur kula, mbok bilih wonten klenta-klentuning atur kula ingkang kirang mranani, kula tansah nyuwun agunging pangaksami.

Wassalamu' alaikum warahmatullahi wabarakatuh

LAMPIRAN 23

PEMERINTAHAN KABUPATEN BANTUL

DINAS PENDIDIKAN MENENGAH DAN NON FORMAL

SMA N 1 SEWON BANTUL

Alamat: Jalan Parangtritis Km 5, Bantul, Yogyakarta, Telpon: (0274374459)

Kode Pos : 55187

SURAT KETERANGAN

Nomor : 070 / 174

Yang bertanda tangan di bawah ini, Kepala Sekolah SMA N 1 Sewon Bantul menerangkan dengan sesungguhnya bahwa :

Nama : Dewi Sinta Puspitasari
 Nim : 08205241046
 Jurusan : Pendidikan Bahasa Daerah
 Fakultas : Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

Telah selesai melaksanakan penelitian di SMA N 1 Sewon Bantul, yang dimulai sejak tanggal 12 Januari 2012 sampai dengan tanggal 5 April 2012, dengan baik.

Adapun judul penelitian adalah : “Vcd *Sesorah* Sebagai Media Pembelajaran dalam Upaya Peningkatan Keterampilan Berbicara Bahasa Jawa pada Siswa Kelas XI IPA 1 SMA N 1 Sewon Bantul”

Demikian surat pernyataan ini dibuat, untuk dapat digunakan sebagaimana mestinya.



Bantul, 11 Mei 2012

Kepala Sekolah

[Handwritten Signature]
 Drs. Sartoño, MPd

Nip. 19570121 198703 1 005



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207
<http://www.fbs.uny.ac.id/>

FRM/FBS/33-01

10 Jan 2011

3 Januari 2012

Nomor : 008/H.34.12/PP//2012
 Lampiran : --
 Hal : Permohonan Izin Penelitian

Kepada Yth.

Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta
 c.q. Kepala Biro Administrasi Pembangunan
 Sekretariat Daerah Propinsi DIY
 Komplek Kepatihan-Danurejan, Yogyakarta 55213

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud akan mengadakan survei/observasi/penelitian untuk memperoleh data menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul :

Peningkatan Keterampilan Berbicara Bahasa Jawa pada Siswa Kelas XI IPA SMA N Sewon Bantul dengan Media Pembelajaran Audio-Visual VCD Sesorah

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : DEWI SINTA PUSPITASARI
 NIM : 08205241046
 Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
 Waktu Pelaksanaan : Bulan Januari s.d. Mei 2012

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.



Dekan
 Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
 NIP. 19550505 198011 1 001

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENIAlamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 586168 psw. 519 Fax. (0274) 548207
<http://www.fbs.uny.ac.id/>FRM/FBS/32-01
10 Januari 2011

Nomor : 3 / UN34.12 / PBD / I / 2012
Lampiran : Proposal
Hal : Permohonan Izin Penelitian

Yogyakarta, 3 Januari 2012

Kepada Yth.
Dekan
u.b. Wakil Dekan I
Fakultas Bahasa dan Seni UNY

Bersama ini kami kirimkan nama mahasiswa FBS UNY Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Prodi Pendidikan Bahasa Jawa yang mengajukan permohonan izin penelitian untuk keperluan penyusunan Tugas Akhir lengkap dengan deskripsi keperluan penelitian tersebut sebagai berikut:

1. Nama : DEWI SINTA PUSPITASARI
2. NIM : 08205241046
3. Jurusan/Program Studi : Pendidikan Bahasa Daerah / Pendidikan Bahasa Jawa
4. Alamat Mahasiswa : Tobratan Wirokerten Banguntapan Bantul
5. Lokasi Penelitian : SMA Negeri Sewon Bantul
6. Waktu Penelitian : Januari – Mei 2012
7. Tujuan dan maksud Penelitian : Pengambilan data untuk penulisan Skripsi
8. Judul Tugas Akhir : Peningkatan Keterampilan Berbicara Bahasa Jawa Pada Siswa Kelas XI IPA SMA Negeri Sewon Bantul Dengan Media Pembelajaran Audio Visual VCD Sesorah
9. Pembimbing : 1. Drs. Sutrisna Wibawa, M.Pd.
2. Prof. Dr. Suwarna

Demikian permohonan izin tersebut untuk dapat diproses sebagaimana mestinya.

Ketua Jurusan,

Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP 19640403 199001 1 002



217

PEMERINTAH PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
SEKRETARIAT DAERAH

Kompleks Kepatihan, Danurejan, Telepon (0274) 562811 - 562814 (Hunting)
YOGYAKARTA 55213

SURAT KETERANGAN / IJIN

070/63/VI/1/2012

lembaca Surat : DEKAN FAK BAHASA DAN SENI UNY Nomor : 008/H34.12/PP//2012.
anggal : 03 Januari 2012 Perihal : IJIN PENELITIAN.

- lengingat : 1. Peraturan Pemerintah Nomor 41 Tahun 2006, tentang Perizinan bagi Perguruan Tinggi Asing, Lembaga Penelitian dan Pengembangan Asing, Badan Usaha Asing dan Orang Asing dalam melakukan Kegiatan Penelitian dan Pengembangan di Indonesia;
2. Peraturan Menteri Dalam Negeri Nomor 33 Tahun 2007, tentang Pedoman penyelenggaraan Penelitian dan Pengembangan di Lingkungan Departemen Dalam Negeri dan Pemerintah Daerah;
3. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 37 Tahun 2008, tentang Rincian Tugas dan Fungsi Satuan Organisasi di Lingkungan Sekretariat Daerah dan Sekretariat Dewan Perwakilan Rakyat Daerah.
4. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perizinan, Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pendataan, Pengembangan, Pengkajian, dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta.

DIIJINKAN untuk melakukan kegiatan survei/penelitian/pendataan/pengembangan/pengkajian/studi lapangan kepada:

Nama : DEWI SINTA PUSPITASARI NIP/NIM : 08205241046.
Alamat : KARANGMALANG YOGYAKARTA.
Judul : PENINGKATAN KETERAMPILAN BERBICARA BAHASA JAWA PADA SISWA KELAS XI IPA SMA N SEWON BANTUL DENGAN MEDIA PEMBELAJARAN AUDIO-VISUAL VCD SESORAH.
Lokasi : - Kota/Kab. BANTUL
Waktu : 04 Januari 2012 s/d 04 April 2012

Dengan Ketentuan

1. Menyerahkan surat keterangan/ijin survei/penelitian/pendataan/pengembangan/pengkajian/studi lapangan *) dari Pemerintah Provinsi DIY kepada Bupati/Walikota melalui institusi yang berwenang mengeluarkan ijin dimaksud;
2. Menyerahkan soft copy hasil penelitiannya baik kepada Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta melalui Biro Administrasi Pembangunan Setda Provinsi DIY dalam compact disk (CD) maupun mengunggah (upload) melalui website adbang.jogjaprov.go.id dan menunjukkan cetakan asli yang sudah disahkan dan dibubuhi cap institusi;
3. Ijin ini hanya dipergunakan untuk keperluan ilmiah, dan pemegang ijin wajib mentaati ketentuan yang berlaku di lokasi kegiatan;
4. Ijin penelitian dapat diperpanjang maksimal 2 (dua) kali dengan menunjukkan surat ini kembali sebelum berakhir waktunya setelah mengajukan perpanjangan melalui website adbang.jogjaprov.go.id;
5. Ijin yang diberikan dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila pemegang ijin ini tidak memenuhi ketentuan yang berlaku.

Dikeluarkan di Yogyakarta

Pada tanggal 04 Januari 2012

A.n Sekretaris Daerah

Asisten Perekonomian dan Pembangunan

Ub.

Kepala Biro Administrasi Pembangunan



ii. Joko Wuryantoro, M.Si

NIP. 19580108198603 1 011

Tembusan :

1. Yth. Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta (sebagai laporan);
2. Bupati Bantul cq Ka Bappeda
3. Ka. Dinas Pendidikan, Pemuda dan Olahraga Prov. DIY
4. DEKAN FAK BAHASA DAN SENI UNY
5. Yang Bersangkutan



PEMERINTAH KABUPATEN BANTUL
BADAN PERENCANAAN PEMBANGUNAN DAERAH²¹⁸
(B A P P E D A)

Jln. Robert Wolter Monginsidi No. 1 Bantul 55711, Telp. 367533, Fax. (0274) 367796
Website: bappeda.bantulkab.go.id Webmail: bappeda@bantulkab.go.id

SURAT KETERANGAN/IZIN

Nomor : 070/11

Menunjuk Surat : Dari **Sekretaris Daerah Prov. DIY.** Nomor : 070/63/V/1/2012
Tanggal 04 Januari 2012 Perihal : Ijin Penelitian

Mengingat :

- Peraturan Daerah Nomor 17 Tahun 2007 tentang Pembentukan Oganisasi Lembaga Teknis Daerah Di Lingkungan Pemerintah Kabupaten Bantu sebagaimana telah diubah dengan Peraturan Daerah Kabupaten Bantul Nomor 16 Tahun 2009 tentang Perubahan Atas Peraturan Daerah Nomor 17 Tahun 2007 tentang Pembentukan Oganisasi Lembaga Teknis Daerah Di Lingkungan Pemerintah Kabupaten Bantul;
- Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perijinan, Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pengembangan, Pengkajian, dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta;
- Peraturan Bupati Bantul Nomor 17 Tahun 2011 tentang Ijin Kuliah Kerja Nyata (KKN) dan Praktek Lapangan (PL) Perguruan Tinggi di Kabupaten Bantul.

Diizinkan kepada :

Nama : **DEWI SINTA PUSPITASARI**
P.Tinggi/Alamat : **UNY, Karangmalang Yk**
NIP/NIM/No. KTP : **08205241046**
Tema/Judul Kegiatan : **PENINGKATAN KETERAMPILAN BERBICARA BAHASA JAWA SISWA KELAS XI IPA SMA N SEWON BANTUL DENGAN MEDIA PEMBELAJARAN AUDIO-VISUAL VCD SESORAH**
Lokasi : **SMA Negeri Sewon**
Waktu : Mulai Tanggal : 04 Januari 2012 s/d 04 April 2012
Jumlah Personil :

Dengan ketentuan sebagai berikut :

- Dalam melaksanakan kegiatan tersebut harus selalu berkoordinasi (menyampaikan maksud dan tujuan) dengan institusi Pemerintah Desa setempat serta dinas atau instansi terkait untuk mendapatkan petunjuk seperiunya;
- Wajib menjaga ketertiban dan mematuhi peraturan perundangan yang berlaku;
- Izin hanya digunakan untuk kegiatan sesuai izin yang diberikan;
- Pemegang izin wajib melaporkan pelaksanaan kegiatan bentuk *softcopy* (CD) dan *hardcopy* kepada Pemerintah Kabupaten Bantul c.q Bappeda Kabupaten Bantul setelah selesai melaksanakan kegiatan;
- Izin dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila tidak memenuhi ketentuan tersebut di atas;
- Memenuhi ketentuan, etika dan norma yang berlaku di lokasi kegiatan; dan
- Izin ini tidak boleh disalahgunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu ketertiban umum dan kestabilan pemerintah.

Dikeluarkan di : B a n t u l
Pada tanggal : 05 Januari 2012

A.n. Kepala
Sekretaris,
Ub,
Subbag Umum



Ets Fitriati, SIP., MPA.
0690129 199503 2 003

Tembusan disampaikan kepada Yth.

- Bupati Bantul
- Ka. Kantor Kesbangpolinmas Kab. Bantul
- Ka. Dinas Dikmenof Kab Bantul
- Ka. SMA Negeri Sewon
- Yang bersangkutan